

NILAI MORAL SAJRONE NOVEL “ULEGAN” ANGGITANE JAROT SETYONO
TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA

Dewi Putri Perdani, Dra. Suwarni, M.Pd.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

dewidanika@gmail.com

Abstrak

Novel Ulegan bisa diarani salah siji wedharane pangripta ngenani apa kang kedadeyan sajrone masyarakat Jawa umume. Novel iki patut didadekake panliten amarga sajrone novel ngandhut perangan kang mligi arupa *aspek moral*, kang bisa didadekake patuladhan ngurip masyarakat Jawa. Saliyane iku, perangan *strukturele* novel uga kudu diteliti kanggo nyengkuyung panliten ngenani *nilai-nilai* sajrone novel.

Adhedhasar iku, tuwuh telu underan panliten, yaiku kepriye: (1) *aspek* tematik, (2) paraga lan pamaragan, lan (3) *nilai-nilai moral* sajrone novel *Ulegan* anggitane Jarot Setyono. Tujuwane panliten saemper karo underane panliten, yaiku ngandharake: (1) perangan *aspek* tematik, (2) paraga lan pamaragan, (3) *nilai-nilai moral* sajrone novel *Ulegan* anggitane Jarot Setyono. Paedahe panliten yaiku panliten iki diajab supaya bisa: (1) digunakake kanggo nambah wawasan lan nyengkuyung ngrembakane sastra Jawa modern, (2) dadi acuan kanggo nganakake panliten sabanjure minangka bahan pertimbangan kanggo panemu anyar kang luwih kreatif, (3) menehi pangerten marang pamaos ngenani titingan *sosiologi* sastra kanggo ngonceki karya sastra lan uga bisa nggampangake anggane pamaos mangerteni isi kang kinandhut sajrone novel *Ulegan* anggitane Jarot Setyono, (4) dadi materi ajar kanggone para guru, dene marang siswa kanggo nambah kawruh ngenani babagan sastra.

Selaras karo tujuwan panlitene panliten *nilai moral* kalebu panliten *kualitatif* sing nggunakake titingan *sosiologi* sastra. *Metode* sing digunakake arupa *deskriptif analisis*, arupa ukara-ukara saka *data* panliten sing diandharake. Teknik pangumpulan *datane* nggunakake studi kapustakan, sing digunakake kanggo ngumpulake *datane* novel. Saliyane iku, kanggo nggayutake kahanane masyarakat supaya bisa nemokake saperangan *nilai moral*, nggunakake *observasi nonpartisipan*.

Pendekatan sing digunakake yaiku: *pendekatan struktural*, *pendekatan sosiologis*, lan *pendekatan hermeneutika*. *Pendekatan struktural* kanggo nggoleki *aspek* tematik lan paraga-pamaragan critane novel. *Pendekatan sosiologis* digunakake kanggo nggoleki kahanan masyarakat sing kalebu *nilai moral*, sabanjure digayutake karo kahanan sajrone novel. *Pendekatan hermeneutika* digunakake kanggo nemtokake pamawas teges sing luwih amba saka perangan *nilai moral* sing gegayutan karo carane urip masyarakat Jawa.

Adhedhasar asile *analisis data* sing nggunakake titingan *sosiologi* sastra, bisa didudut menawa ceritane novel *Ulegan* ngandhut tema *aspek sosial*. *Nilai moral* sing kasil ditemokake sajrone novel, yaiku: Nilai moral kang gegayutan karo awake dhewe yaiku: (1) netepi janji, (2) wicaksana, (3) njunjung dhuwur katresnan, (4) ngakoni kaluputan, (5) amanah, (6) urip prasaja, (7) bisa dipercaya, (8) kukuh, (9) tanggung jawab, (10) wani, (11) ora seneng adu-adu. Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane yaiku: (1) tetulung - gotong royong, (2) rasa kurmat, (3) rembugan, (4) menehi pitutur, (5) tresna marang kaluwarga lan sapepadha. Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo lingkungan alam, nanging ora dijlentrehake dening pangripta sajrone novel *Ulegan*. Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo Gusti yaiku: (1) pasrah sumarah mring Gusti, (2) rasa syukur. *Nilai moral* iki diajab supaya bisa dadi patuladhan uripe pamaos.

Tembung Wigati: Nilai Moral

PURWAKA

Landhesane Panliten

Kasusastran Jawa modern tuwuh lan ngrembaka nganti saiki (Hutomo, 1975:20). *Genre-genre* sastra Jawa modern kang ngrembaka yaiku novel, geguritan, cerita cekak, cerita sambung lan drama. *Genre* mau kalebu cerita fiksi, ateges ora nyata utawa cerita rekaan. Fiksi kalebu karya imajinatif kang dilandhesi dening asa rumangsa lan tanggung jawab saka bab kreatifitas, minangka karya seni. Mula saka iku, kepriye wae fiksi kalebu sawijine crita kang saliyané nduweni tujuan estetik, uga digunakake kanggo aweh panglipur marang pamaos (Nurgiyantoro, 2007:3).

Karya sastra kang mujudake pangejawentahan saka kasunyatan panguripane manungsa mijil saka pengalaman lan kawruhane panulis. Panguripan sajrone karya sastra akeh daya pangaribawane marang sawijine kahanan masyarakat kang mijilake karya sastra kasebut. Karya sastra uga mujudake *refleksi* lan kahanan sakiwa tengene pengarang, mula sastra bisa diwawas dadi sawijine *aspek sosial*. Aristoteles sajrone Ratna (2012:1) ngandharake yen pengarang ora mung njiplak kasunyatan, nanging minangka proses kreatif pangarang karo gegondhelan marang kanyatan, ngripta samubarang kang anyar. Prastawa-prastawa kang dumadi ing masyarakat uga bisa diudhal sajrone karya sastra. Cundhuk karo Wellek lan Warren (1990:119) kang ngandharake menawa sastra iku kaca benggala lan wujud

ekspresi panguripane manungsa senadyan ora kabeh. Mula saka iku, reriptan novel kang kalebu sastra Jawa modern iki ora bakal bisa uwal lan uga ngandharake perkara panguripane masyarakat.

Salaras karo andharan babagan *aspek sosial* masyarakat. Perangan *aspek sosial* bisa dadi salah sijine tema kaendahan sastra kang digunakake kanggo patuladhane pamaos. Perangan *aspek sosial* masyarakat kalebu peranan *sosiologi*. *Proses sosial* sajrone masyarakat didadekake sumber karya sastra. Saka kahanan *aspek sosial*, pangripta medharake salah bawane manungsa. Salah bawane manungsa wujud kayata: saperangan prakara ngenani uripe manungsa sajrone srawung karo awake dhewe, lingkungane lan karo Gustine.

Gegayutan karo kautamane *nilai moral*, ana kalodhangan iki novel *Ulegan* arep dijlentrehake ing babagan *sosiologi* sastrane. Miturut Darmono (1978:9), *sosiologi* sastra yaiku nggayutake pengalaman paraga lan kahanan kang diciptakake pangripta karo asal-usule kahanan mau. Mula *sosiologi* sastra mawas menawa karya sastra diasilake saka kacabenggalane masyarakat umum. Wong-wong iki nduweni kawigaten luwih tumrap cara-carane panganggit adhedhasar kalungguhan *aspek sosial* masyarakat, lelandhesan pamikirane masyarakat, kahanan prakara ing urip bebrayan lan jinise pamaos kang dadi sasaran crita. Saka pranyatan mau, panliten kanthi irah-irahan *Nilai Moral sajrone Novel Ulegan anggitan Jarot Setyono* kudu diteliti kanggo njlentrehake *nilai-nilai moral* sajrone novel. *Nilai-nilai* iki diteliti diajab supaya para pamaos bisa methik ala lan apike patuladhan sajrone novel.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panlitan kang wus diandharake, mula kang dadi underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye peranan *aspek* tematik sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono?
- 2) Kepriye paraga lan pamaragan sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono?
- 1) Kepriye *nilai-nilai moral* sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono?

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake peranan *aspek* tematik sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono.
- 2) Ngandharake paraga lan pamaragan sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono.
- 1) Ngandharake *nilai-nilai moral* sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono.

Paedahe Panliten

Paedahe panaliten iki, yaiku:

- 1) Kanggo studi sastra Jawa modern
Panliten iki dikarepake bisa nambah wawasan lan nyengkuyung ngrembakane sastra Jawa modern.
- 2) Kanggo para mahasiswa
Panliten iki dikarepake bisa dadi acuan kanggo nganakake panliten sabanjure minangka bahan

pertimbangan kanggo panemu anyar kang luwih kreatif.

- 3) Kanggo para pamaos
Panliten iki dikarepake bisa menehi pangerten marang pamaos ngenani tintingan *sosiologi* sastra kanggo ngonceki karya sastra lan uga bisa nggampangake anggane pamaos mangerteni isi kang kinandhut sajrone novel *Ulegan* anggitan Jarot Setyono.
- 4) Kanggo piwulangan sastra
Panliten iki dikarepake bisa dadi materi ajar kanggone para guru. Dene marang siswa kanggo nambah kawruh ngenani babagan sastra.

Wewatesane Tetembungan

- 1) Novel yaiku salah sawijine genre sastra Jawa modern. Critane luwih rinci, luwih detil lan nyuguhake prakara kang luwih kompleks (Nurgiyantoro, 2007:11).
- 2) *Sosiologi* sastra yaiku nggayutake pengalaman paraga lan kahanan kang diciptakake pangripta karo asal-usule kahanan mau (Darmono, 1978:9).
- 3) *Pendekatan struktural* yaiku pamarekan kang nduweni tujuwan kanggo ngudhari lan ngandharake kanthi tliti, ngenani sesambungane perangan-perangan *intrinsik* sajrone karya sastra kang padha-padha ngasilake teges (Teeuw, 1988:135).
- 4) *Pendekatan sosiologis* yaiku lelandhesane saka pamikiran ngenani sastra minangka kacabenggalane masyarakat (Semi, 1989:46).
Pendekatan hermeneutika digunakake kanggo njlentrehake tegese basa-basa sajrone crita (Ratna, 2012:45).

TINTINGAN KAPUSTAKAN Novel

Novel mujudake karangan kang nduweni corak anyar sajrone sastra Jawa. Novel oleh pangaribawa saka sastra barat utamane sastra Walanda kang wiwit mlebu ing Indonesia abad 20-an. Novel kang wiwitan ing kasastran Jawa modern yaiku *Serat Riyanto* banjur kasusul novel *Sarwanto*. Novel-novel kasebut minangka rriptane R.M. Sulardi kang diterbitake Balai Pustaka. Kabeh novel kang wus diterbitake minangka novel-novel kang diterbitake sadurunge Indonesia mardhika.

Novel asale saka basa Latin *Novellas*, kawangun saka tembung novus ateges anyar. Amarga novel yaiku wujud karya sastra kang tuwuh saka karya sastra liyane kayata puisi lan drama (Santosa & Wahyuningtyas, 2010:46). Novel uga ditegesi minangka kaya sastra kang luwih cendhak tinimbang roman, nanging luwih dawa saka cerpen, kang isine ngenani kadadeyan uripe manungsa.

Novel minangka salah sijine wujud karya sastra fiksi kang nduweni unsur-unsur pambangun. Unsur-unsur pambangune yaiku unsur ekstrinsik lan unsur intrinsik. Unsur intrinsik novel yaiku unsur prastawa, plot, tema, paraga, latar, sudut pandang lan sapiturute (Nurgiyantoro, 2007:10). Dene unsur ekstrinsik yaiku babagan ekonomi, sosial lan politik.

Sosiologi Sastra

Sosiologi yaiku salah sijine jlentrehen obyektif lan ilmiah ngenani manungsa sajrone masyarakat lan ngenani sakabehe perangan kang ana gegayutane karo aspek sosial lan proses sosial. Sastra yaiku lembaga sosial kang nggunakake basa kanggo sarana, lan basa iku dhewe kang digunakake kanggo medharake gambarane urip (Semi, 1989:52). *Sosiologi sastra* bisa diarani salah siji cabange panliten sastra kang digunakake kanggo mangerteni sastra minangka kacabenggalane masyarakat. Miturut Darmono (1978:9), *sosiologi sastra* yaiku nggayutake pengalaman paraga lan kahanan kang diciptakake pangripta karo asal-usule kahanan mau.

Andharan ngenani *sosiologi* ngrembug babagan keriye kahanan sajrone masyarakat bisa ngalami owah-owahan. *Proses sosial* bisa ana sajrone masyarakat menawa saben manungsa nduweni sesambungan sosial karo manungsa liya (Soekanto, 1990:61). Kahanan iki bisa nyebabake sajrone masyarakat nduweni klompok-klompok sosial sajrone urip bebrayan, klompok kabudayan kang ngandhut adat-istiadat lan norma masyarakat tartamtu, klompok lembaga kemasyarakatan lan owah-owahan kahanan sosial masyarakat.

Perangan kang paling mligi sajrone *sosiologi sastra* yaiku kacabenggalane. Sastra dianggep ora mung jiplakan kasunyatan, nanging kasunyatan iku wis diwenahi *tafsiran* utawa pangira-ira (Endraswara, 2011:79). Karya sastra kang ngrembaka sajrone masyarakat, ngresepni perangan uripe manungsa sajrone masyarakat, banjur digunakake maneh dening masyarakat. Pangripta ngripta karya sastra nduweni lelandhesan saka kahanan uripe manungsa. Perangan iki banjur diolah maneh dening pangripta, lan diwenahi *tafsiran* supaya bisa trep karo kahanan kang arep digunakake pangripta.

Pendekatan Struktural

Pendekatan struktural gegayutan karo perangan *intrinsik* sajrone crita. Kaendahanane teks sastra gumantung saka panganggane basa kang khas lan sesambungane perangan-perangan sajrone crita (Endraswara, 2011:51). *Pendekatan* iki digunakake kanggo nemtokake perangan aspek tematik sajrone novel.

Saben karya sastra iku nduweni wewangunan kang jangkep. Sajrone *pendekatan* iki, karya sastra dianggep luwih penting amarga diandharake saka perangan sajrone unsur *intrinsike* karya sastra dhewe, tanpa nggayutake karo perangan *ekstrinsike* crita. Perangan *intrinsik* akeh nggunakake tandha utawa simbol. Miturut Pradopo (2009:141), kanggo ngandharake struktur sistem tandha sajrone crita, perlu nggunakake kritik struktural, amrih bisa nggoleki tegese tandha-tandha kang sambung-sinambung sajrone crita.

Aspek Tematik Novel

Perangan sajrone novel ana loro, yaiku perangan *intrinsik* lan perangan *ekstrinsik*. Perangan *intrinsik* yaiku perangan-perangan kang mbangun karya sastra saka sajrone crita iku dhewe (Nurgiyantoro, 2007:23). Perangan *intrinsik* kayata, kedadeyan sajrone novel, plot, penokohan, tema, latar, sudut pandang, basa lan gayane basa. Perangan *intrinsik* sipate *internal* lan

nduweni sesipatan obyektif. Sipat *internal* tegese perangan iki saka njerone crita.

Saliyane perangan *intrinsik* uga ana perangan *ekstrinsik*. Perangan tema sajrone crita bisa kalebu *ekstrinsik*, menawa ngerti saka endi temane crita dijupuk. Sajrone crita kang lelandhesane tintingan *sosiologi sastra*, critane nduweni lelandhesan karo kahanan sajrone masyarakat. Temane crita akeh kang asale saka prastawa-prastawa sajrone masyarakat. Saka tema iki, pangripta lan pamaos bisa nyambungake antara tema sosial karo kahanan masyarakat kang ana saiki.

Paraga lan Pamaragan

Paraga sajrone novel *Ulegan* gegayutan karo wong-wong sajrone crita. Paraga yaiku pawongan kang nduweni sesambungan karo prastawa-prastawa sajrone crita fiksi, saengga prastawa iku bisa dadi crita. Carane pangripta nalika nyritakake kahanane paraga sajrone diarani pamaragan (Aminuddin, 2010:79).

Pamaos nalika maca crita kudu ngerti kepriye sipat-sipate paragane crita. Miturut Aminuddin (2010:80-81), saka carane pangripta nyritakake sipat-sipate paraga bisa didadekake titikan kanggo menehi tetenger tumrap sipate paraga. Saliyane iku, pangripta kadhang kala nuduhake sipate paraga, saka lingkungan uripe paraga, lan carane paraga nganggo busana. Ana kang blaka, nyritakake kepriye salah bawane paraga mau. Pamaos uga bisa nengeri saka *monologue* paraga, lumrahe sambat ngenani kahanan uripe dhewe. Saliyane iku, saka cara pamikire paraga nangani masalah sajrone crita. Ana kang nengeri saka carane paraga liya, nalika *dialog* ngomongake sipate paraga iku, lan nengeri paraga liya nalika dheweke menehi pamawas marang paraga iku.

Pendekatan Sosiologis

Miturut Semi (1989:46), *Pendekatan sosiologis* lelandhesane saka pamikiran ngenani sastra minangka kacabenggalane masyarakat. *Pendekatan* iki luwih ngendelake kahanan *sosiale* masyarakat. Saka kahanan sosial, pangripta bisa ngasilake crita kanggo pamaos. Sajrone karya sastra, kahanan sosial lan sekabehe kang ana gegayutane karo panggulawentah uripe manungsa, dadi temane crita. Karya sastra dianggep nduweni gegayutan karo masyarakat.

Miturut Ratna (2012:60), sastra nduweni gegayutan karo masyarakat amarga karya sastra diasilake dening pangripta. Pangripta kalebu anggota masyarakat umume. Kang dadi pambeda, yaiku pangripta luwih tanggap lan nduweni pambiji marang sekabehe kahanan sajrone masyarakat. Awit saka iku, pangripta bisa medharake kahanan sosial masyarakat dadi crita. Crita kang wis diasilake, banjur diwaca dening pamaose, kang uga kalebu anggota masyarakat. Karya sastra diasilake saka masyarakat, diolah dening masyarakat banjur dibalekake maneh marang masyarakat.

Pendekatan Hermeneutika

Pendekatan hermeneutika sastra dianggep kang paling cedhak gegayutane karo panyangka tumrap agama. Sastra nduweni panyangka marang sabenere pamikiran tumrap pangripta. Karya sastra lan basa kudu

ditegesi lan diandharake nganti jangkep lan luwih amba saka tegese (Teeuw, 1998:123).

Sajrone karya sastra, *pendekatan hermeneutika* digunakake kanggo njlentrehake tegese basa-basa sajrone crita (Ratna, 2012:45). Sajrone karya sastra, kayata novel, nggunakake basa-basa kang nduweni pesan tartamtu. Sajrone reriptane, pangripta nduweni pesen-pesen kanggo pamaos. Panjenengane ora blaka, nyritakake pesen sajrone crita, nanging dicritakake lumantar basa-basane crita. Pamaos kudu negesi dhewe, apa maksude basa-basa sajrone crita, miturut pamawase dhewe-dhewe.

Nilai

Miturute Bertens (2011:152), *Nilai* iku akeh wernane. Tuladhane kaya *nilai ekonomis* lan *nilai estetis*. Cethane, *nilai* didadekake dhasar utawa lendhesan. *Nilai* biyasane digunakake kanggo nuduhake tembung utawa samubarang kang abstrak. *Nilai* uga bisa ditegesi minangka lelandhesan kanggo nuduhake kualitas saka sawijine bab kang nduweni paedah tumrap masyarakat. Makna *nilai* kanthi teoritis terpadu minangka *integritas* pengalaman dening manungsa kanggo sapedadha kanthi yakin lan bisa dipertanggungjawabake.

Nilai Moral

Miturut Kenny, moral sajrone crita ditegesi ngenani sawijine pamrayoga kang gegayutan karo ajaran-ajaran *moral* sajrone crita kanggo pamaos (sajrone Nurgiyantoro, 2007:321). *Nilai moral* bisa mujudake salah bawane manungsa supaya dadi becik. Kabecikan bisa tuwuh amarga ana sikap batin. Kaya diandharake dening Hadiwardoyo (1990:13), moral sejatine nduweni segi batiniah lan segi lahiriah. Pawongan kang diarani becik yaiku pawongan kang nduweni sipat batin kang becik lan tumindake uga becik.

Nilai moral bisa menehi piwulang marang manungsa ngenani wewujudan becik lan ala. Jinis-jinis *nilai* moral ana maneka warna, salah sijine yen dideleng miturut kang dilakoni manungsa diperang dadi telu yaiku: (a) moral kang gegayutan karo awake dhewe, (b) moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane lan umat karo lingkungan alam, (c) moral kang gegayutan antarane umat karo Gusti (Nurgiyantoro, 2007:323). Perangan kang ana gegayutane karo *nilai moral*, kayata sumarah lan rila tumrap samubarang kang dilakoni, gotong royong, tepa slira, sungkan lan rasa kurmat, rukun, sregep uga jujur, iman kang kuwat, prasaja, lembah manah lan eling, sarta syukur lan seneng ngamal, seneng tetulung uga wicaksana.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu panlien *kualitatif*. Panliten *kualitatif* digunakake kanggo ngliti samubarang kang kahanane isih kaya kasunyatan (Sugiyono, 2008:9). Panliten iki nggunakake *metode deskriptif analisis*, Pilihan *metode deskriptif analisis* sajrone panliten iki adhedhasar: pangumpulane data kanthi langsung lan apa anane, anane sesambungan langsung saka panliti karo *objek* kang arep diteliti, panliti bisa njlentrehake data

sacara urut kanthi *analisis* datane, lan anane panemon babagan tegese crita.

Kajaba iku, kanggo mujudake panliten iki uga nggunakake sawetara *pendekatan*. *Pendekatan* wiwitan yaiku *struktural*. *Pendekatan* iki digunakake kanggo njlentrehake *aspek tematik* lan paraga-pamaragan sajrone novel. *Pendekatan sosiologis* nduweni panganggep menawa karya sastra kalebu tiruan saka kahanan kang nyata (Pradotokusumo, 2005:77). Sajrone asile karya sastra, dianggep tiruan saka kahanan masarakat sanyatane, menawa critane padha karo kahanan kang didadekake punjere crita. Critane ora ana kang ditambahi lan ora oleh dikurangi isine.

Sumber Dhata

Miturut Arikunto (2010:172) sumber dhata sajroning panliten yaiku subjek saka ngendi dhata bisa diantuki. Sumber dhata dibedakake dadi loro yaiku *primer* lan *sekunder* (Arikunto, 2010: 128). Ing panliten iki panulis nggunakae novel *Ulegan* kanggo dhata primer. Novel iki anggitane Jarot Setyono, kang diterbitake dening penerbit Paramarta, jalan KRT. Surenpaten I, Balerejo, Kauman, Tulungagung, Jawa Timur, 108 kaca, diterbitake taun 2015.

Dhata

Dhata minangka objek kang dikaji. Sajrone ilmu sastra, dhata kang digunakake arupa karya. Minangka dhata formal sajroning panliten iki yaiku tembung-tembung, ukara-ukara, lan wacana (Ratna, 2012:47). Ing panliten iki, dhata kang digunakake arupa dialog antarane paraga, tembung, ukara, paragraf, antawacana lan salah bawane paraga sajrone novel *Ulegan*, kang isine ngenani *aspek sosial* masyarakat.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten mujudake perangan kang digunakake kanggo panliten. Sajrone panliten tumrap novel *Ulegan*, *instrumen* panlitene yaiku:

- 1) Novel *Ulegan* anggitane Jarot Setyono
- 2) Perangan saka critane novel *Ulegan* kang gegayutan karo aspek tematik, paraga lan pamaragan lan *nilai moral*.
- 3) Cathetan arupa kertas kang digunakake kanggo nyatheti samubarang sajrone novel kang gegayutan karo perangan underane panliten.
- 4) Panliti, amarga sajrone nglumpukake dhata gumantung panliti minangka pambiji sawijine kahanan lan nduweni kuwasa nemtokake samubarang kanggo asil panlitene.

Teknik Nglumpukake Dhata

Kanggo ngonceki *nilai moral* sajrone novel, pangumpulane data nggunakake *teknik dokumentasi* utawa *studi pustaka*. Tahap-tahap sing digunakake sajrone ngumpulake dhata yaiku: kapisan, nduweni novel *Ulegan* reriptane Jarot Setyono. Kapindo, maca bola-bali novel mau lan mangerteni isine cerita (metode *hermeneutika*). Katelu, nengeri lan nyathet tetembungan kang dianggep minangka tembung kunci utawa bisa diarani nggunakake sistem tandha.

Teknik Analisis Dhata

Analisis data kang digunakake yaiku *analisis data kualitatif*. *Analisis data* ngenani novel iki lelandhesane saka perangan *intrinsike* crita, banjur digayutake karo perangan *ekstrinsike* crita. Dene carane nganalisis yaiku:

- 1) Maca lan nyinaoni novel *Ulegan* anggitané Jarot Setyono
- 2) Nengeri lan nyatheti (*identifikasi*) perangan-perangan cerita kang ngemu surasa wigati.
- 3) Gawe klasifikasi adhedhasar tandha lan cathetan kang digawe selaras karo masalah panliten yaiku nilai moral.
- 4) Gawe analisis marang data kang wis diklasifikasi nganggo tintingan sosiologi sastra supaya bisa meruhi perangan aspek tematik kang digoleki nganggo *pendekatan struktural*, paraga lan pamaragan kang dijlentrehake miturut perangan *intrinsike* crita lan nilai morale kang diandharake tegese luwih amba lan digayutake karo kahanan masyarakat kanthi *pendekatan hermeneutika*.

Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap novel *Ulegan*. Andharan mau awujud deskripsi ngenani undherane gegambarane nilai moral sajrone novel kasebut. Pungkasane yaiku merang nilai moral dadi telu, yaiku (a) moral kang gegayutan karo awake dhewe, (b) moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane lan umat karo lingkungan alam, (c) moral kang gegayutan antarane umat karo Gusti. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab, yaiku 1) purwaka, 2) tintingan kapustakan, 3) metodhe panliten, 4) andharan kang isine asile panliten lan 5) panutup kang isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN LAN ASIL PANLITEN

Aspek Tematik sajrone Novel

Wedharane bab aspek tematik sesambungan karo tema sajrone crita. Tema minangka lelandhesane crita, nduweni kalungguhan kang mirunggan tumrap salah sijine asil karya sastra. Tema sajrone crita sesambungan karo perangan *strukture* crita, kanthi tema sakehe prastawa bisa sambung-sinambung.

“Pa libur kowe, Le, kok klayapan tekan papan kene?” Simbah mbagekake tekaku. Lageyane isih pancet urakan (Setyono, 2015:1)

Pranyatan iku nuduhake Rossie kang nembe teka ing daleme simbahe kakung saperlu sambang. Salumrahe anak utawa putu kang ora sangomah karo simbahe ora bisa sabendina tetepungan. Adate amarga anake lan putune wis nduweni kagiyatan dhewe-dhewe, kayata makarya utawa sekolah. Banjur ndadekake wayah liburan kanggo sambang. Yen mung bisa sambang nalika wayah liburan biyasane putu utawa keluarga nginep.

“Sapa sing njaluk tulung, Pak?” pitakone Rossie sinambi mbarengi mlakune Pak Jayus lan Mirin

“Kok kaya saka panggonane Yu Purinah. Mengko gek....” ...

“Bayine Yu Pur ilang dicolong maling...!” (Setyono, 2015:21)

Cuplikan iku miwiti konflik kang satemene sajrone crita novel *Ulegan*. Kedadeyan kang ora ngepenakake yaiku dicolonge bayine Yu Purinah. Kabeh wong padha mbengok njaluk tulung kanggo nguber malinge. Para tangga sakupenge gotong royong nggoleki bayi kang ilang. Strategi kang digawe sinambi mlaku ora ngasilake. Nganti parak esuk sing lagi nguber maling bali ngglenthung. Kabeh padha nggumun, amarga nembe bubar dijagongi kok malah kemalingan. Tuwuh pitakonan ing antarane warga masyarakat, digawe apa nyolongi bayi-bayi iku. Salah sawijine panemu ngenani pitakon mau yaiku kanggo nggayuh kabegjan ing alam ndonya.

“Ganda kuwi wis genah yen salah, gene kowe ngerti dhewe anggere bubar mulih jagong, bayi-bayi ajeg ilang...” (Setyono, 2015:26)

Gegayutan karo panemu mau, Saliman ngarani yen mbah Ganda, simbahe kakung Rossie iku maling bayine. Kabeh mau amarga sawise wong tuwa iku mulih mesthi keprungu swara pating jlerit njaluk tulung. Bukti liya kang diajukake yaiku kamar sengkerane simbahe. Saliyane iku kahanane simbahe kang isih tetep awet nom nalika umure meh saabad.

“Sejatine kamar kuwi ora daknggo nyimpen donya brana kaya apa kang wis tau mbok rungu. Uga ora kanggo ngingu kewan bekasakan kang senengane nyedhot getihe bayi-bayi abang. Kowe ngerti dhewe apa isine?” (Setyono, 2015:86)

“Wis limalas taun luwih pethi loro kae ngrenggani kamar kene. Sing siji isi jisime simbahmu putri...” (Setyono, 2015:86)

Miturut cuplikan iku bisa dideleng kepriye simbahe kakung Rossie ngandharake isine kamar sengkerane. Kamar kang sasuwene iki dicubriyani nyimpen donya brana kang mbejaji, yen ora ngono kanggo ngingu kewan bekasakane kang ngokopi getihe bayi-bayi sasuwene iki. Isi kang sabenero yaiku pethi mati cacah loro. Barang kang sejatine ora ana ajine. Salah siji pethi iku ana isine. Isine yaiku jisime simbahe putri Rossie. Sasuwene limalas taun kaloro pethi iku ngrenggani kamar sengkeran iku. Wektu kang ora sedhilut kanggone wong-wong salumrahe.

“Nalika kuwi, mbahmu isih cilik banget. Mung mbahmu iki kang dipercaya dening tuan Nakamura njaga anane gudhang mas picis rajabrana kang disingidake ing guwa kae. Nganti mbesuke yen kahanan wis bali aman, tuan Nakamura bakal bali mrene lan njupuki bandhane kang disingidake ing papan kene. Dakenteni nganti seprene, pranyata tuan Nakamura ora teka-teka. Malah saiki kang teka balane Saliman Godheg.

*Sajake dheweke nemu peta guwa
rahasia ngenani guwa kene. Embuh
saka sapa” (Setyono, 2015:89)*

Cuplikan pranyatane simbahe iku saya narik kawigatene Rossie. Dheweke banjur nggayutake siji mbaka siji kedadeyan kang wis kelakon. Saka wiwitan, Saliman Godheg saya suwe saya ngerti yen sejatine kang kajibah njaga panggonan iku pranyata simbahe kakung. Senajan anggane ngerti ora isa dibuktekake dening dheweke. Bisane mung mitenah simbahe kanthi nyolongi bayi-bayi abang kanggo dipateni. Kareben simbahe digethingi dening wong-wong kampung. Terus simbah gelem mbukak kamar sengkerane lan meruhi kahanan sajrone kamar.

Saka pranyatan-pranyatan mau, bisa didudut menawa *aspek tematik* kang gegayutan karo temane crita, ngrembug babagan *aspek sosial*. Sajrone critane novel akeh crita-crita kang gegayutan karo kahanan masyarakat Jawa umume. Jenenge paraga lan pamaragane nuduhake menawa pangripta pancen ngangkat kahanan uripe manungsa Jawa. Temane sinirat, amarga pangripta sengaja ngrembakakake tema *aspek sosial* sajrone crita.

Paraga lan Pamaragan sajrone Novel

1) Rossie

Ing wiwitan crita, pangripta nyritakake kahanane paraga utama aran Rossie lumantar *monologue*. Ing cuplikan sajrone novel iki dicritakake yen Rossie iku putu kang wigati marang simbahe kakung.

“Sepi lan mboten kangge kula mboten wonten bentenipun kok, Kung. Ingkang baken kula saged nyuda kangen kula dhateng panjenengan.” (Setyono, 2015:2)

Pranyatan kang bisa nyengkuyung pamawase panliti yen Rossie iku putu kang tresna banget marang simbahe kakung bisa dideleng kanthi cuplikan iku. Rossie nuduhake yen tresna banget marang simbahe. Ora perduli kepriye kahanan omah simbahe kakung kang sepi ora ana hiburan babar pisan. Pancen niyate mrana kanggo sambang marang simbahe kakung saperlu nyuda kangen. Dudu perkara bosen karo uripe ing kutha banjur golek hiburan menyang desane simbahe. Mula sepi lan orane kahanan ing desane simbahe kakung ora ana dadi masalah.

2) Simbah Kakung

Simbah Kakung minangka paraga tambahan lan kalebu paraga protagonis. Piyambake mujudake simbah kang nresnani putune kanthi emoh nggiring putune marang bab kang mbebayani. Mula sakabehe reruwetane bakale dirampungake dhewe. Piyambake kang uga diundang Mbah Ganda iki simbah kakunge Rossie.

Jebul simbah kang ketoke acuh bae karo tumindakku sasuwene aku neng kene, nduweni kawigaten ngenani hubunganku karo Ningsih. (Setyono, 2015:59)

Cuplikan pranyatan saka Rossie iku nuduhake yen simbahe uga wigati marang putune. Kawigaten kang

beda kaya cuplikan sadurunge. Rossie kang lagi nandang kasmaran ora nyana yen simbahe uga mangerteni bab iku. Pangrasane, yen simbahe iku acuh ngenani bab iku. Jebule uga mangerteni, malah simbahe uga ora nglarang Rossie anggane ngayahi lelabuhane.

Bab kaya ngono bisa ditemoni sajrone urip bebrayan. Kadhang kala ana putra kang ora kumawani crita marang wong tuwane ngenani crita katresnane. Ana uga putra kang pancen ora gelem blaka. Nanging sing jenenge wong tuwa mesthi nduweni pangrasa kang lantip marang putrane. Tanpa putrane mau crita, wong tuwa bisa ngrasakake. Apa iku rasa susah utawa rasa bungah.

3) Pak Jayus

Pak Jayus minangka tangga siji-sijiine simbahe kakung Rossie. Paraga Pak Jayus kalebu paraga tambahan. Anane paraga Pak Jayus ing kene dadi panengah ing sawetara konflik sajrone crita. Paraga Pak Jayus nduweni watak kang becik, mula dheweke kalebu paraga *protagonis*. Saka wiwitan bisa dideleng yen Pak Jayus kalebu wong tuwa kang seneng menahi pitutur pitutur becik.

“Aku ki dudu apa-apamu, Le. Uga dudu sedulure simbahmu kae. Wong liya! Ing kene aku mung kadidene tanggane simbahmu sing paling cedhak! Ning aku isa ngregani lan lungguh ing posisiku kadidene tangga kang sabenero. Tegese, aku ora melu ngurusi anane kamar sengkeran kae. Yen kowe takon perkara kamar kae, aku ora ngerti jawane..” (Setyono, 2015:7)

Kawicaksanane Pak Jayus uga bisa dideleng saka cuplikan ing ndhuwur. Pak Jayus kadidene tangga bisa mangerteni kalungguhane. Dheweke ora melu ngurusi gaweyane simbahe Rossie. Pak Jayus mangerteni batesane minangka tanggane simbahe Rossie. ora nate melu cawe-cawe yen ora ana perlune.

Wong bakale urip tentrem tetanggan anggere wong kuwi ora ngurusi masalahe tanggane. Kaya Pak Jayus kang muung gelem melu-melu yen pancen diperlukake. Kanthi kaya mangkono, anggane tetanggan ora bakale ana gegeran. Antarane wong siji lan sijine kang tetanggan bisa lungguh ing papane dhewe-dhewe. Genti-genti jagan-jinagan wiwit keamanan nganti kinurmatan amrihe uripe antarane tangga ora katutan rasa iren ana pikirane.

4) Mirin

Mirin yaiku bocah eS-Dhe anake Pak Jayus, tangga siji-sijine simbahe kakung Rossie. Paraga Mirin kalebu paraga tambahan. Gegayutane Mirin lan paraga utama aran Rossie iku kadidene wis dianggep kangmase dhewe. Iku kabeh amarga mung Mirin kang dadi kancane Rossie sasuwene Rossie nyambangi simbahe kakung. Miturut andharane pangripta sajrone crita novel, paraga Mirin kalebu paraga *protagonis*.

“Ya terus bali, Mas. Cah ndesa kaya aku ngene iki njur arepe nyang ndi klayapan bengi-bengi? Yen ora nggarap pe-er ya terus turu. Arepe nonton teve na kelurahan, ra tlanten adohe. Kathik

ndadak ngunggahe pereng gumuk pisan.”
(Setyono, 2015:10-11)

Pranyatane Mirin ing ndhuwur iku nuduhake yen dheweke kalebu bocah kang ora neka-neka. Miturute, dheweke mung bocah ndesa. Apa kang ditindakake nalika wengi ya mung nggarap pe-er banjur turu. Ora tau klayapan wengi-wengi. Senajan ta arepe klayapan iku mung nonton teve ing kelurahan, nanging panggonan teve kang mung ana ing kalurahan ndadekake Mirin wegah.

Bocah ndesa kaya Mirin pancen lumrah yen ora tau neka-neka. Amarga *fasilitas* ing desane uga ora nyengkuyung. Desa panggonane omahe Mirin ngono kalebu padesan banget. Sela ing antara ngomah siji lan sijine uga adoh. Ora nggumun yen omahe Mirin saka kalurahan uga adoh. Mula tinimbang mlaku adoh nerak wengi, dheweke pilih mulih. Durung karoan mesthi ana kancane. Senajan ora mbebayani, nanging kahanane kang tintrim nalika wengi uga dadi alangan.

5) Saliman Godheg

Paraga tambahan sabanjure yaiku Saliman Godheg. Saliman Godheg minangka paraga kang nduweni sipat *antagonis*. Dicitakake sajrone novel *Ulegan* yen Saliman Godheg mono anak buahe Toni. Kalorone nindakake bab kadurjanan ing sawijine desa. Kanthi ngakali masyarakat sakupenge dheweke meh kasil ngolehake samubarang kang dadi incerane.

“He, Ganda keparat! Metua aja mung ndekem wae ana senthong kang ambune badheg kuwi. Yen ra gelem metu, bakal dakobong omahmu!”
(Setyono, 2015:26)

Pranyatan iku nuduhake sipat kasare Saliman Godheg. Anggone ngundang Mbah Ganda kanthi diwenahi embel-embelan keparat. Mula Mbah Ganda iku yuswane beda adoh karo dheweke. Kayadene pawongan kang ora nduweni tata krama, dheweke nerusake cecaturane kang kasar.. Tetembungan kang kasar saka tuturane Saliman Godheg nuduhake yen dheweke iku dudu pawongan kang becik. Kaya kang bisa dideleng ing kasunyatan, senajan ora kabeh pawongan kang cecaturane kasar iku wong ala.

Nilai Moral

Sajrone novel *Ulegan*, akeh *nilai-nilai moral* kang gegayutan karo kasunyatanane masyarakat Jawa. *Nilai moral* kang ana bakal diperang dadi telu, yaiku : (a) moral kang gegayutan karo awake dhewe, (b) moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane lan umat karo lingkungan alam, (c) moral kang gegayutan antarane umat karo Gusti.

Nilai Moral kang Gegayutan Karo Awake Dhewe

1) Janji

Janji yaiku tetembungan kang nuduhake kesanggupan kanggo nindakake sawijine prekara. Netepi janji ateges nduweni upaya kanggo nuhoni janjine marang sakabehe pawongan kang wis dijanjening dina tembe (Dr.Marzuki, M.Ag).

“Aku ora nduweni karep neka-neka, Le. Mung ketang tresnaku karo mbahmu putri wae. Mbiyen nalika aku lan mbahmu putri isih mudha nate prasetya yen mengkone bakal budhal bareng menyang pemakaman diterake putu-putuku. Saka wasiate mbahmu putri nalika arep ngajal, aku supaya mboyong jisime maneh menyang omah kene sawise wong-wong kampung bubar olehe ngubur mbahmu putri. ...”
(Setyono, 2015:86)

Pranyatan iku nuduhake kepriye Mbah Ganda ngugemi janjine marang *almarhumah* sisihane. Piyambake sedya nglakoni bab kang sejatine nerak paugeran. Ora ketang kanthi alesan katresnane. Mula piyambake nglakoni iku kanthi dhedhemitan tanpa diweruhi sapa wae kalebu putra-putrane. Senajan wong kang dijanjeni wis luwih dhisik ngajal, ora ateges janji mau luntur wajibe.

2) Wicaksana

Wicaksana yaiku sugih weweka anggone tutur lan tumindak adhedhasar pengalaman lan kawruhane (KBBI). Pawongan kang nduweni wewatekan wicaksana, sajrone nindakake urip mesthi nduweni pamikiran kang tliti. Dheweke ora bakal nindakake samubarang kanthi grusa-grusu, nanging sekabehe akibat wis dipikirake sadurunge tumindak (Endraswara, 2011:28-29).

“Awet nom lan cepet tuwa kuwi sing ngatur dudu kita, Kang. Uga dudu krana ilmu iblis sing mentas mbok kandhakake kuwi. Mbah Ganda nganti seprene isih diparingi ethes kahanane Gusti kang murbeng dumadi. Aja sithik-sithik wong kang nduweni kaluwihan njur disengguh nggilut ilmu-ilmu kang ora nggenah. Aku ki tanggane Mbah Gandakang caket dhewe, Kang. Tangga ya anak kang wajib njaga lan ngrumat wong tuwa kaya Mbah Ganda kae. Ning njur aja disengguh aku melu cawe-cawe ngenani urusane Mbah Ganda...” (Setyono, 2015:27)

Pranyatan iki nuduhake menawa sajrone novel *Ulegan*, paraga aran Pak Jayus, nduweni sipat kawicaksanan. Sipat iki dibutuhake nalika urip bebrayan sajrone masyarakat, mligine nalika ngadhepi sawijine prekara. Kanggo mrantasi prekara kang ana, ora bisa kanthi grusa-grusu lan sakarepe dhewe. Sekabehe perlu dipikir kanthi tliti lan wicaksana. Amrih masalahe bisa dipungkasi lan ora nuwuhake masalah liya.

3) Njunjung Dhuwur Katresnan.

Kabeh pawongan nduweni rasa tresna asih sajrone jiwane. Gumantung kepriye pawongan iku ngrumat karesnane. Kalebu simbahe Rossie, panjenengane mujudake pribadi kang keras, nanging sanjabane iku simbah uga kalebu pawongan kang njunjung ndhuwur katresnan.

“Upama Gus Lurah ora nyarujuki hubunganmu mbek putrane, kowe yarasah ngresula nemen-nemen. Pancen ya wis kaya ngono kuwi tumindake alam katresnan senajan kowe ngotot kaya apa bae, yen sing jenenge jodho ora nyandhiing awakmu ora bakal katresnanmu kang mbok labuhi medhot tali katresnan liyane kuwi bakal mikolehi. Ora bakal katresnanmu kang mbok labuhi medhot tali katresnan liyane kang wis ana ing anggamu bakal mupangati tumrap awakmu. Awit karesnan mono saka siji lan sijiine kudu bisa ngurip ngrembuyungke katresnan liyane kang wis mbok lakoni selawase iki” (Setyono, 2015:59-60)

Kabeh mau lelandhesan amarga manungsa urip mbutuhake katresnan. Amarga katresnan ora mung kanggo lawan jinis, nanging uga karo sapepadhane. Katresnan marang kaluwarga, tetangga, wong kang luwih tuwa lan luwih enom. Bab kang cetha, katresnan kang tuwuh anyar ora oleh mateni katresnan kang sadurunge wis ana. Katresnan kang nembe tuwuh malah kudu nyengkuyung ngrembakane katresnan sadurunge.

4) Ngakoni Kaluputan

Luput iku duweke manungsa. Sakabehe manungsa urip ora bisa uwal saka kaluputan. Nanging ora sateruse manungsa nindakake kaluputan. Ana wektu ing ngendi manungsa bakale sadhar tumrap kaluputane lan ngupaya amrih dadi manungsa kang luwih becik. Bakune dudu nalika nindakake kaluputan mau, nanging nyadhari kaluputane, gelem ngakoni kanthi njaluk pangapura lan ngupaya amrih ora mbaleni kaluputane maneh.

“Dadi tuan Nakamura kuwi mbiyene penjajah, ta? Kowe ngerti saka ngendi? “Aku ora ngerti babar pisan kok, Ros. Sapa sejatine Tuan Nakamura kuwi kang sabenere. Mbiyen nalika dheweke kandha menyang aku, dheweke crita yen pegaweyane mung nelayan nyambi dagang. Lan barang-barang kuwi saka asile dedagangan banjur disingidake ing kene.”

“Ya, sepurane wae sing gedhe menyang mbahmu Kung, Le. Pancen mbahmu iki wong buta huruf blejed.” (Setyono, 2015:90)

Simbah uga ora isin ngakoni salahe yen miturute dheweke iku salah lan uga gelem njaluk sepura. Kanggone pawongan kang dijaluki pangapura uga kudu nduweni ati kang jembar amrih bisa menehi pangapura kanthi ikhlas. Sajrone urip bebrayan ora bisa sakepenake dhewe, amarga wong ing ndonya ora bisa urip dhewe. Butuh toleransi sajrone urip bebarengan. Manungsa kang ora bisa uwal saka kaluputan kudu bisa lan gelem ngakoni kaluputane nalika nindakake luput. Wong liyane kang dadi korban kaluputane uga kudu gelem ngapura.

5) Amanah

Amanah yaiku sawijine bab kang dipercayakake marang wong liya (KBBI). Anggone nindakake amanah mau uga kanthi dhasar ikhlas lan tanggung jawab.

“Pikantuk berkah pangestu panjenengan, sedaya sami wilujeng, Kung. Lan menika titipan saking ibu,” tembungku rada grothelan sinambi tansganku iwut ndhudhahi ransel. (Setyono, 2015:2)

Cuplikan iku nuduhake kepriye sipat amanah kang diduweni Rossie. Rossie ngaturake titipane ibune menyang simbahe kakung tanpa ngelongi isi titipan kasebut. Senajan ing dalan titipan iku mau dieliong karo Rossie, simbahe ora bakal weruh. Nanging prekara kaya mangkono ora ditindakake dening Rossie.

6) Urip Prasaja

Sajrone nilai moral ana piwulangan urip prasaja lan ora boros. Prasaja yaiku ora diluwih-luwihake (KBBI). Urip prasaja kang dikarepake ing kene yaiku urip apa anane, tanpa nuduhake bandha sing diduweni.

“Ya terus bali, Mas. Cah ndesa kaya aku ngene iki njur arepe nyang ndi klayapan bengi-bengi? Yen ora nggarap pe-er ya terus turu. Arepe nonton teve na kelurahan, ra tlaten adohe. Kathik ndadak ngunggahi pereng gumuk pisan.” (Setyono, 2015:10-11)

Urip prasaja sabanjure dijlentrehake kanthi kahanan uripe Mirin. Dheweke ora tau klayapan senajan mung kanggo ndelok tipi. Bubar sembahyang saka mushola dheweke langsung mulih. Kabeh mau ditindakake amarga kahanan omahe kang adoh saka kelurahan. Mula sabubare sembahyang dheweke langsung mulih, yen ora ngerjakake pe-er Mirin langsung turu.

7) Bisa dipercaya

Bisa dipercaya ateges anggepan utawa keyakinan menawa sawijine bab mau nyata anane (KBBI). Bab kapercayan gegayutane karo amanat lan tanggung jawab. Pawongan kang tanggung jawab mesthi bakale oleh amanat.

Nalika kuwi, mbahmu isih cilik banget. Mung mbahmu iki kang dipercaya dening tuan Nakamura njaga anane gudhang mas picis rajabrana kang disingidake iing guwa kae. Nganti mbesuke yen kahanan wis bali aman, tuan Nakamura bakal bali mreng lan njupuki bandhane kang disingidake ing papan kene. Dakenten nganti seprene, pranyata tuan Nakamura ora eka-teka. (Setyono, 2015:89)

Pranyatan iku uga nuduhake kepriye simbah njaga kapercayan saka wong liya. Senajan marang

pawongan kang ora ditepungi. Simbah ora gelem khianat marang pawongan kang wus percaya marang piyambake. Senajan kudu ngenteni suwi anggane netepi janjine mau, simbah kukuh njaga ora preduli yen nyawane dadi taruhane. Kabeh mau amarga simbah wis dipercaya lan ora gelem ngrusak kapercayane wong kang wis percaya marang piyambake.

8) Kukuh

Ing kene ditegesi *teguh pendirian*. Ora gampang diojok-ojoki dening liyan. Senajan diiming-iming sawijine bab. Ora gampang kena pangaruh yen ora mangerteni dhewe kahanan kang sabenere.

Senadyan aku dhewe pisan kang minangka putune mesthi bakal dipecut gegere nganti babak belur. Aku nalika isih cilik uga wis tau dipecut simbah nalika kumawani nginjen njeron kamar kuwi... (Setyono, 2015:3)

Pranyatan iku nuduhake kepriye simbahe Rossie anggane njaga rahasiane kamar sengkerane. Ora ana pawongan kang oleh mangerteni isine kamar kang disengker kasebut. Kalebu Pak Jayus tangga siji-sijine kang sasuwene wis urip bebarengan kadidene tangga. Semono uga Rossie minangka putune dhewe. Watak kukuhe paraga simbah kakung bisa dideleng kanthi tekade simbahe njaga kamar sengkerane. Yen perlu, Rossie bakale ditundhung yen kumawani nyatroni kamar sengkeran mau. Simbah uga ora mikir pindho senajan nyawane sing dadi taruhane.

9) Tanggung jawab

Tanggung jawab yaiku nanggung sakabehe kalebu yen ana alane utawa pakewuhe (Atmojo, 1996:381). Tanggung jawab iku mbutuhake kesadharane manungsa ngenani tindak tanduk lan pitutur kang disengaja apa ora disengaja.

“Ja samar. Mengko aku sing tanggung,” tembungku ngyakinake Mirin. Niyatku bengi iki pancen kepingin mangerteni kahanane njeon kamar sengkerane simbah. (Setyono, 2015:12)

Saka cuplikan sajrone novel bisa dideleng yen amrih bisa menuhi rasa pengen weruhe, Rossie sedyang tanggung jawab marang tumindakke. Dheweke ngyakinake Mirin kang keweden. Rossie ngrumangsani apa akibat kang bakal ditampa nalika nindakake gaweyan mau. Kanthi pamikiran sadurunge, Rossie wis saguh nrima apa wae kang bakal ditampa nalika kedadayan iku mau konangan simbah kakunge. Ing kene wis bisa diarani yen Rossie iku pawongan kang nduweni tanggung jawab. Senajan tumindake mau kalebu tumindak ala, nanging dheweke wis siyap nampa sekabehe akibat.

10) Wani

Wani yaiku nduweni kewanen utawa ora jirih (Darminto, 2011:191). Pawongan kang nduweni sipat wani atine bakale mantep lan nduweni rasa percaya marang awake dhewe sajrone ngadhepi sawijine bebaya utawa kahanan kang angel.

“Ra sudi aku yen ora nggenah tujuwane.” ... “Sapa kowe, he? Coba sebutna jenengmu!” (Setyono, 2015:43)

Rossie pancen wani nantang balik, nanging dheweke kalah bala. Awake uga kalah rosa. Rossie dhewean ngadhepi wong nem cacah. Kabeh ngupeng pernahe ngadeg. Dheweke dikroyok nganti senggoyoran arep tiba. Sidane bengi iku Rossie dikroyok kanthi purwaduksina lan sesuk esuke digotong wong-wong kampung diterake mulih menyang omahe simbahe kakung.

11) Ora Seneng Adu-Adu

Orang seneng adu-adu kalbeu sipat becik. Pawongan kang ora seneng adu-adu mujudake pawongan kang ora seneng cawe-cawe urusane wong liya, nanging uga ora seneng urusane dicampuri. Ora seneng adu-adu ing kene uga nduweni teges ora seneng nyritakake alane wong marang liyan.

“Simbahmu kuwi wong anteng, Le. Ra tau gelem nyebarake isu-isu kang bisa nyengsarake wong liya, senajan wong liya mau tansah ngerah cilakane dheweke umpamane. Karo aku dhewe, umpama aku ora ngonangi kedadayan kuwi, mesthi ra bakal dheweke blaka. Kanthi dhasar kuwi, mbaka sethithik aku njur rumangsa wajib njaga anane kamar sengkerane simbahmu kuwi....” (Setyono, 2015:48-49)

Cuplikan sabanjure yaiku katrangan saka Pak Jayus kepriye kapribadhene simbahe kakung. Diandharake yen simbahe kakung iku kalebu pawongan kang ora seneng adu-adu. Apamaneh yen aduane iku mau malah nggawe sengsarane wong liya. Senajan wong mau wis ngerah cilakane dhewe. Simbahe pilih meneng.

Nilai Moral kang Gegayutan Antarane Umat Karo Sapepadhane lan Umat Karo Lingkungan alam

Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane lan umat karo lingkungan alam yaiku piwulang ngenani nuwuhake kesadharan anggane tumindak becik marang sapepadha lan marang alam. Tumindak becik marang sapepadha bisa diwiwiti saka antarane anggota kaluwarga. Wong tuwa marang anak lan suwalike. Banjur tambah amba marang kanca, tangga teparo lan sapiturute.

Nilai Moral kang Gegayutan Antarane Umat Karo Sapepadhane

Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane yaiku piwulang ngenani nuwuhake kesadharan anggane tumindak becik marang sapepadha. Kanthi tumindak becik umat bakale antuk piwales kang becik uga saka sapepadhane. Tumindak becik kudune wis diwulangake marang anak wiwit cilik. Amarga bocah cilik isih gampang nrima samubarang kang diwulangake. Mula kanthi nduweni kebijasaan tumindak becik wiwit cilik, anak bakale dadi wong becik. Tumindak becik ora mung kanggo pawongan kang wis tetepungan. Kanggone

pawongan sing durung nate tepungan uga kudune bisa tumindak becik, amrih nambah kanca syukur-syukur bisa dadi kaluwarga.

1) Tetulung – Gotong Royong

Tetulung saka tembung tulung kang tegese aweh pambiyantu (Atmojo, 1996:399).

“Hooooee, sing mlayu ka kulon langsung ngalor. Papagen saka ndhuwur. Wonge mlayu liwat pinggir alas pinus sisih lor kae!” Keprungu swara wong bengok-bengok saka wetan rada ngisor. (Setyono, 2015:21)

Cuplikan iku nuduhake masyarakat kang lagi gotong royong nggoleki bayine Yu Purinah kang ilang. Ora bisa nggoleki bayi yen mung siji, bisaa mbutuhake wektu kang ora sedhilut. Mula ditindakake kanthi gotong royong amrih bisa cepet ketemu bayi lan malinge. Nalika ana tangga kang lagi nandhang susah, wis lumrahe para tangga teparo, masyarakat sakupenge padha gotong royong ngewangi.

2) Rasa Kurmat

Rasa kurmat bisa ditujukake marang pamimpin utawa sapepadha kang wis apa durung ditepungi supaya kapribadene awake dhewe bisa kurmat marang kapribadene wong liya (sajrone Suseno, 2003:65).

“Aku ki dudu apa-apamu, Le. Uga dudu sedulure simbahmu kae. Wong liya! Ing kene aku mung kadidene tanggane simbahmu sing paling cedhak! Ning aku isa ngregani lan lungguh ing posisiku kadidene tangga kang sabenere. Tegese, aku ora melu ngurusi anane kamar sengkeran simbahmu kae. Yen kowe takon perkara kamar kae, aku ora ngerti jawane...” (Setyono, 2015:7)

Pacelanthon iki ngandharake menawa Pak Jayus negesake marang Rossie yen dheweke mung lungguh ing kalungguhan samesthine kadidene tanggane simbahe. Ora gelem melu-melu ngurusi bab kang dudu urusane. Kahanan kaya mangkono pancen dibutuhake sajrone urip bebrayan amrih urip bebrayan bisa adem ayem.

3) Rembugan

Rembugan utawa musyawarah yaiku kagiyatan kanggo ngrembuk sawijine babagan utawa perkara kanggo nggoleki solusi utawa cara kanggo ngrampungake prakara iku.

“Sareh dhisik ya, Kang. Coba ta ana perkara dirembug sing becik sing sareh! Pak Jayus ngarih-arih sing nembe kobong atine. (Setyono, 2015:26)

Cuplikan iku ngandharake Pak Jayus kang ngarih-rih wong dhemo ing ngarep omahe simbahe Rossie. Kanthi prekara lan sebabe kang durung cetha, wong-wong mau sarujuk ngobong omahe Mbah Ganda lan nggawa pyambake menyang bale desa. Kamangka durung cetha kepriye larah-larahane. Mula Pak Jayus ngajak para warga kanggo rembugan amrih cetha

sekabehe. Ora sakarepe dhewe anggone pengin ngobong omahe wong.

4) Menehi Pitutur

Pitutur iku pangeling-eling, nasehat-menasehati. Wong Jawa kebak ing pitutur. Akeh pitutur ngenani bebrayan sajrone masyarakat Jawa. Pitutur kang becik kang bisa nggawe uripe manungsa iku ayem lan entrem.

“Dhapurmu kuwi.. ja dibaleni maneh tumindak sing ora nduweni tata krama ngono kuwi. Yen kowe arep muruki Mirin, wurukana sing apik-apik wae. Eman-eman bocah kae isih lugu. Yen mbok wuruki tata krama sing nggenah, bakal rumasuk menyang jiwane kang suci. Senadyan cah nggunung, yen tata kramane jangkep rak ora katon nggununge, ta?” (Setyono, 2015:20)

Cuplikan iku nuduhake Pak Jayus kang menehi pitutur marang Rossie. Pitutur kang diwenehake Pak Jayus iku nggunakake tetembungan kang kasar. Kamangka tetembungan kang kasar biyasane angel dimangerteni. Bisa-bisa ndadekake salah pangerten. Senajan nggawe tetembungan kasar, Rossie isih bisa mangerteni apa kang dikarepake Pak Jayus. Rossie mangerteni yen ing suwalike tetembungan kasar iku ngemu pitutur luhur.

5) Tresna Marang Kaluwaga lan Sapepadha

Rasa tresna iku wujud pangrasa kang positip. Kabeh pawongan mesthi nduweni rasa tresna. Rasa tresna iku ora mung kanggo lawan jinis wae. Kayata tresna marang kaluwarga, tresna marang kanca utawa tresna marang sapepadha.

“Nyuwun ngapunten, Kung. Sedaya kalawau kula lampahi awit kadereng raos tresna kula dhateng panjenengan. Awit enjang wau wonten ontran-ontran kang meh kemawon nuwuhake bilahinipun simbah piyambak...,” (Setyono, 2015:31)

Pranyatan iki nuduhake rasa tresnane Rossie marang simbahe. Apa bae bakal dilakokake kanggo pawongan kang ditresnani. Senajan kadhang kudu nekad nerak paugeran. Semono uga Rossie. Dheweke nerak paugeran saka simbahe kakung kang ora ngijini dheweke mbukak kamar sengkeran. Mula ngendikane simbahe, yen wis titi wancine Rossie bakale weruh apa isine kamar sengkeran iku.

Nilai Moral kang Gegayutan Antarane Umat Karo Lingkungan Alam

Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo lingkungan alam yaiku piwulang ngenani nuwuhake kesadharan anggone tumindak becik marang lingkungan alam. Umat dudu *makhluk* kang dripita dening Gusti dhewe. Umat ana sajrone ndonya kanggo urip bebarengan tanpa mbeda-mbedakake liyane. Umat bakale luwih nduweni makna yen umat iku mau bisa urip ing satengahe lingkungan alame. Mula umat nduweni kewajiban kanggo njaga lingkungn alame. Aja nganti

lingkungan alam mau rusak amarga sifat eleke umat. Sajrone crita novel *Ulegan*, bab kang ngandharake gegayutan antarane umat lan lingkungan alam ora dicritakake dening pangripta. Mula panliti ora bisa menehi gambaran kang cetha ngenani gegayutan antarane umat lan lingkungan alam sajrone crita novel *Ulegan* iki.

Nilai Moral kang Gegayutan Antarane Umat Karo Gusti

Nilai moral antarane umat lan Gusti iki mligine kanggo umat sing percaya marang Gusti kang nggawe uripe. Umat kang isih nduweni agama. Umat yen nduweni agama bakale percaya yen kabeh kang ditindakake ing ngalam ndonya bakale oleh piwales lan ana pertanggung jawabane. Saben pawongan nduweni hak kanggo milih agama amrih bisa luwih cedhek marang Gusti kang dipercaya. Anggone percaya marang Gusti mau nuwuhake pedhoman urip kanthi dhasaran agama.

1) Pasrah Sumarah mring Gusti

Pasrah yaiku masrahake sekabehe asile upaya kang bisa dilakokake. Pasrah sumarah mring Gusti yaiku masrahake sakabehe lelakon kang dialami sajrone uripe marang Gusti, tamtune samarine umat mau ngupaya marih kepinginane bisa kawujud.

“Gusti Allah sing bakal males, Ning. Kesalahane Saliman Godheg sing nyatroni aku bakal nampa piwales dhewe saka Gusti Allah. ...” (Setyono, 2015:50)

Pranyatan iku nuduhake yen paraga Rossie kalebu paraga kang pasrah. Bisa dideleng yen Rossie mujudake pawongan kang isih percaya arang kuwasane Gustine. Kedadeyan iku kalebu pacoban uripe Rossie. Rossie percaya yen Saliman bakale nampa piwales dhewe saka Gusti Allah amarga tumindake. Amarga Saliman wis nyatroni Rossie kanthi aran-aran kang ora cetha jluntrunge. . Tumindak becik bakale oleh piwales kang becik, semono uga tumindak ala bakale oleh piwales kang ala.

2) Rasa Syukur

Rasa syukur yaiku rasa ing ngendi manungsa tansah konjuk syukur marang Gustine. Khairaz (sajrone suyadi,2008:1) negesi yen syukur yaiku ngakoni marang Gusti sing menehi nikmat.

“... Mbah Ganda nganti seprene isih diparingi ethes kahanane, kuwi mung saka kanugrahane Gusti kang murbeng dumadi....” (Setyono, 2015:27)

Cuplikan iku ngandharake kepriye kahanane Mbah Ganda kang dijlentrehake Pak Jayus. Wong liya yen ndeleng sepisanan bisa ora percaya yen yuswane simbah kang meh saabad iku isih nduweni rambut ireng meles. Kahanan awake uga isih sehat ora kurang siji-sijia. Beda adoh kaya pawongan liya kang umure sapantaran. Rasa syukure simbah dituduhake kanthi tumindak becik. Kayata ora gelem ngrepoti anake dhewe, amarga piyambake rumangsa isa nindakake sakabehe pakarya dhewe. Simbah kakung uga ora ngladeni pitenah-pitenah kang unine piyambake nggilut ilmu iblis amrih bisa kaya

mangkono. Malah simbah tetep njaga kapercayane wong kang percaya marang piyambake.

PANUTUP

Dudutan

- 1) Perangan *aspek* tematik sajrone novel *Ulegan* gegayutan karo temane crita, ngrembug babagan *aspek sosial*. Sajrone critane novel akeh crita-crita kang gegayutan karo kahanan masyarakat Jawa umume. Jenenge paraga lan pamaragane nuduhake menawa pangripta pancen ngangkat kahanan uripe manungsa Jawa. Temane sinirat, amarga pangripta sengaja ngrembakakake tema *aspek sosial* sajrone crita. Alur kang gegayutan karo temane crita diandharake pangripta nggunakake alur campuran, amaraga sajrone ana kahanan lan prastawa kang dicritake kanthi urut, nanging satengahe crita uga nyritakake kahanan wiwitan. Temane Ulegan ngenani tema *aspek sosial*. Temane bisa ditemtokake nalika wis nemtokake alur lan *setting*. Pendekatan kang digunakake kanggo nemtokake *aspek tematik* lan paraga-pamaragan yaiku *pendekatan struktural*.
- 2) Paraga lan pamaragan sajrone novel cukup jelas. Pangripta nyritakake pamaraga sajrone novel kanthi blaka. Saka omong-omongane antar paraga utawa andharan ngenani sipate paraga, pamaos wis bisa ngerti pamaragane saben paraga. Kaya dene pamaragan, pangripta uga nyritakake paraga kanthi blaka. salaras karo andharan iki, bisa didudut menawa paraga gegayutan karo pawongan, jeneng, klompok lan liyane. Pamaragan gegayutan karo watak-watake paraga. Paraga sajrone panliten diperang dadi loro miturut *sudut pandang* lan tinjauan pamaos, yaiku paraga utama lan paraga tambahan. Paraga utama dicritakake pangripta nganti pungkasan crita lan owah-owahan uripe. Paraga utama sajrone novel *Ulegan* yaiku Rossie. Paraga tambahan yaiku paraga kang nduweni sesambungan tumrap kahanane paraga utama. Paraga tambahan sajrone novel *Ulegan* yaiku simbah kakung, Pak Jayus, Mirin, lan Saliman Godheg. Pendekatan kang digunakake kanggo nemtokake paraga-pamaragan yaiku *pendekatan struktural*, kaya dene nemtokake *aspek tematik* novel.
- 3) Nilai sajrone panliten gegayutan karo perangan sipat becik kang ngrembaka sajrone masyarakat yaiku *Nilai noral* saben manungsa. *Moral* bisa digunakake kanggo ukuran becik-alane solah bawane saben manungsa. *Nilai moral* diperang dadi telu, yaiku: (a) moral kang gegayutan karo awake dhewe, (b) moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane lan umat karo lingkungan alam, (c) moral kang gegayutan antarane umat karo Gusti. Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo awake dhewe yaiku: (1) netepi janji, (2) wicaksana, (3) njunjung dhuwur karesnan, (4) ngakoni kaluputan, (5) amanah, (6) urip prasaja, (7) bisa dipercaya, (8) kukuh, (9) tanggung jawab, (10) wani, (11) ora

seneng adu-adu. Nilai moral kang gegayutan antarane umat karo sapepadhane yaiku: (1) tetulung - gotong royong, (2) rasa kurmat, (3) rembugan, (4) menahi pitutur, (5) tresna marang kaluwarga lan sapepadha. Nilai didaktis kang gegayutan antarane umat karo lingkungan alam ora dijlentrehake dening pangripta. Nilai didaktis kang gegayutan antarane manungsa karo Gusti yaiku: (1) pasrah sumarah mring Gusti, (2) rasa syukur.

5.2 Panyaru

Adhedhasar asile panliten lan *analisis data* kang wis dilaksanakake, ana saperangan saran kang ditujokake kanggo pamaos:

- 1) Perangan aspek tematik lan paraga-pamaragan bisa dienggo pamaos mangerteni runtute critane novel.
- 2) Saka asile panliten, lan *nilai didaktis* sajrone novel bisa digunakake patuladhan kanggo uripe pamaos.
- 3) Novel iki kudu digoleki sipat becike, sateruse kanggo patuladhan urip lan sipat ala kanggo piwarah urip mengkone supaya ora nindakake urip kang kliru.

Nilai-nilai sajrone panliten bisa digunakake kanggo obyek sabanjure, supaya panliten iki luwih jangkep lan luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

KAPUSTAKAN

Aminuddin, 2010. *Pengantar Karya Sastra*. Bandung: PT. Sinar Baru

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Atmojo, S. Prawiro. 1996. *Bausastra Jawa Cap-capan Kaping IV*. Surabaya: Yayasan "Djoyo Boyo"

Bertens, K. 2011. *Etika*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Darmono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Darminto, dkk. 2010. *Kamus Besar Bausastra Jawa*. Surakarta: Penerbit Kharisma

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra, Epistimologi, Model, Teori Dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS

Hadiwardoyo, Purwa. 1990. *Moral dan Masalahnya*. Yogyakarta: Kanisius

Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Tama

Haricahyono, Cheppy. 1995. *Dimensi-Dimensi Pendidikan Moral*. Semarang: IKIP Semarang Press

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Moleong, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: University Press

Pradopo, Rachmat Djoko dkk. 2009. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widia

Pradotokusumo, Partini Sardjono. 2005. *Pengkajian Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Raharjo, Agung S. 2009. *Buku Kantong Sosiologi SMA IPS*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama

Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Santosa, Heru Wijaya dan Sri Wahyuningtyas. 2010. *Pengantar Apresiasi Sastra*. surakarta: Yuma Pustaka

Semi, Atar. 1989. *Kritik Sasta*. Bandung: Angkasa

Setyono, Jarot. 2015. *Ulegan*. Tulungagung: Paramarta

Soekanto, Soerjono. 1990. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: Rajagrafindo Persada

Sugiyono, 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta

Suseno, Franz Magnis. 2010. *Etika Dasar Masalah-Masalah Pokok Filsafat Moral* Yogyakarta: KANISIUS

Suyadi. 2008. *Membuka Pintu Rejeki dengan Sujud Syukur*. Yogyakarta: Mitra Pustaka

Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Pustaka Jaya

Wellek, Rene lan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia

Inernet :

<http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/lain-lain/dr-Marzuki-mag/Dr%20Marzuki,%20M.Ag.%20Menepati%20Janji.pdf>. Diakses pada tanggal 19 Agustus 2015, pukul 22.45

<http://kbbi.web.id/bijaksana>. Diakses tanggal 19 Agustus 2015, jam 23.05

<http://kbbi.web.id/amanah-2>. Diakses tanggal 19 Agustus 2015, jam 23.40

<http://kbbi.web.id/prasaja>. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 00.10

<http://kbbi.web.id/percaya>. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 00.30

<http://kbbi.web.id/teguh>. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 00.50

<http://maulana7418.blogspot.com/2015/03/materi-bahasa-jawa-kelas-xi-semester-ii.html?m=1>.
Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 01.15

<http://id.m.wikipedia.org/wiki/cinta>. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 01.40

<http://kbbi.web.id/pasrah>. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 02.05

kamus.cektkp.com/pasrah. Diakses tanggal 20 Agustus 2015, jam 02.15